

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa téh miboga fungsi pikeun alat komunikasi. Dina kagiatan komunikasi aya nu maké basa lisan jeung tulisan, dumasar kana kapéntingan masyarakat nu makéna, Basa miboga 4 kaparigelan nya éta:

- a. Kaparigelan ngaregepkeun
- b. Kaparigelan nyarita
- c. Kaparigelan maca
- d. Kaparigelan nulis

Patali jeung fungsi, basa miboga pancén pikeun komunikasi dina hirup kumbuh manusa. Dina prosés komunikasi basa mibanda pancén pikeun nepikeun amanat, ngungkabkeun kahayang, ngajéntrékeun ide, pikiran, imajinasi, émosi, jeung gagasan. Pangajaran basa Sunda di sakola kudu bisa ngaronjatkeun pangaweruh bidang kognitif, apéktif jeung psikomotorik murid kalawan saimbang tur leuwih condong kana kamahéran ngagunakeun basa Sunda. Teu sakabéh jalma perigel ngagunakeun basa Sunda nu alus tur bener, boh lisan boh tulisan. Hal ieu lantaran sabagian siswa nganggep énténg kana basa Sunda dibandingkeun palajaran séjénna.

Ku sabab kitu, saban guru hususna guru basa Sunda kudu bisa ngaronjatkeun karesep siswa kana palajaran basa Sunda. Dina prak-prakanana prosés diajar ngajar ieu silih mangaruhan antara kaparigelan hiji jeung nu séjénna. Tujuan diajarkeun basa Sunda di sakola nya éta sangkan para siswa parigel kana katatabasaan boh nyarita, maca, nulis jeung ngaregepkeun.

**Yeni Yunia, 2013**

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kaparigelan nyarita jeung nulis di tingkat 1 pamahaman basa sacara éksprésif (produktif). Sedengkeun kaparigelan ngarun jeung maca disebut pamahaman basa sacara réséif (pasif). Salah sahiji kaparigelan nulis nya éta nulis naskah biantara basa Sunda anu ayeuna dijadikeun objék panalungtikan panulis.

Nulis téh kacida pentingna pikeun pendidikan, ku sabab nulis téh bisa ngabantuan siswa sangkan mikir. Diantarana mikir kritis, nyusun urutan pikeun pangalaman, jst.

Dumasar kana kaparigelan di luhur, nulis naskah biantara téh kaasup kana kaparigelan nulis. Dina tujuan pangajaran basa Sunda, salian ti kudu bisa nyangkem tiori nu patali jeung kabasaan, siswa ogé dipiharep sangkan mampu ngagunakeun basa Sunda nu hadé tur bener, luyu jeung kaédah nu baku.

Dina nulis naskah biantara, siswa mindeng ngagunakeun kasalahan–kasalahan makéna basa. Di antarana kasalahan anu sok remen aya nya éta kasalahan kaédah–kaédah basa dina widang linguistik anu ngawengku fonologi (ucapan), sintaksis (tatabasa), morfologi (gramatikal), semantik (ma'na) jeung kandaga kecap.

Dina nulis biantara, basa anu digunakeun nya éta basa Sunda lulugu, basajan, tur luyu jeung éjahan basa Sunda. Hal ieu sangkan pamaca bisa nyangking eusi éta biantara sarta sangkan luyu jeung aturan undak usuk basa Sunda anu aya. Aya sababaraha masalah anu biasa karandapan ku siswa nalika nyieun naskah biantara, nya éta kurangna gagasan dina eusi naskah biantara, pamakéan gaya basa anu kurang merenah, diksi nu kurang merenah, sarta struktur kalimah nu kurang merenah.

Sangkan siswa mibanda kamampuh biantara anu hadé diperlukeun tahapan sasadia. Di antara tahapan sasadia ieu téh nya éta Nyieun Naskah Biantarana, supaya pedaran nyoko kana maksud jeung tujuan anu baris di tepikeun.

**Yeni Yunia, 2013**

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Ku kituna saméméh siswa ngalakukeun prakték biantara, téh kamampuh nyieun naskah biantara téh penting dilakukeun pikeun siswa nya éta pikeun ngalatih sarta ngembangkeun kamampuh atawa kaparigelan siswa dina nulis pikeun ngébréhkeun gagasan basa anu pas sarta merenah. Siswa SMA tangtuna waé geus wanoh kana naon nu disebut biantara ku sabab kantos ningali atawa ngadéngé jalma nu keur biantara. siswa dipiharep mampuh nyieun naskah biantara sorangan. Dumasar hal éta panulis ngarasa kataji pikeun ngayakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa kelas X SMA Laboratorium Percontohan UPI dina nulis naskah biantara. Ku kituna ieu panaungtikan téh dibéré judul “Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percontohan UPI dina Nulis Naskah Biantara ”.

Ieu analisis téh perlu dilaksanakeun ku guru atawa calon guru sabab pikeun mikanyaho kasalahan–kasalahan anu sok dipilampah ku siswa, kasalahan nambahkeun unsur basa nu teu perlu, salah nempatkeun unsur basa, salah nyusun unsur basa, luyu heunteuna antara judul jeung eusi, satra patalina antar paragraf. Panalungtikan téh ngawatesanan masalah nu bakal ditalungtik, nyaéta kamampuh Siswa kelas X SMA Laboratorium Percontohan UPI dina nulis naskah biantara, anu nyoko kana eusi biantara, gaya basa nu dipakè, diksi (milih kecap), struktur kalimah sarta karapihan tulisanna. Panalungtikan ieu miboga tujuan nu rék dihontal, tujuan éta diantarana nyaéta: (1) Pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nyieun naskah biantara. (2) Pikeun mikanyaho nepi kamana kamampuh siswa dina nerapkeun gaya basa sarta diksi dina nyieun naskah biantara.

**Yeni Yunia, 2013**

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

## 1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan téh ngaguar ngeunaan *Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percontohan UPI dina Nulis Naskah Biantara*. Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, sangkan ieu panalungtikana leuwih museur jeung teu lega teuing dina nganalisisna, ku kituna nu di talungtik di watesanan. Masalahna leuwih museur kana eusi, gaya basa, diksi, struktur kalimah, sarta karapihan nulis naskah biantarana.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Sacara umum rumusan masalah dina ieu laporan panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun patalékan, ieu dihandap:

1. Kumaha kamampuh nuliskeun eusi naskah biantara siswa SMA ?
2. Kumaha kamampuh maké gaya basa nu aya dina naskah biantara?
3. Kumaha kamampuh milih diksi (milih kecap) siswa?
4. Kumaha kamampuh ngalarapkeun struktur kalimah siswa?
5. Kumaha karapihan tulisan naskah biantara?

## 1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Unggal kagiatan tangtu ngabogaan tujuan anu pasti. Tujuan mangrupa hal utama sangkan panalungtikan bisa réngsé luyu jeung kahayang panulis. Ku kituna, saacan ngalaksanakeun kagiatan, tujuan kudu dirumuskeun sacara jelas. Tujuan anu jelas, tangtu langkah jeung usaha nu dilakukeunana pasti leuwih hadé. Saluyu jeung kasang tukang masalah, katut rumusan masalah, geus diébréhkeun, yén tujuan ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskripsikeun:

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1. kamampuh nulis naskah biantara siswa ditempo tina eusi naskahna.
2. kamampuh nulis biantara siswa ditempo tina gaya basa nu aya dina naskah biantara siswa.
3. kamampuh diksi nu aya dina naskah biantara.
4. kamampuh ngalarapkeun struktur kalimah
5. karapihan tulisan naskah biantara siswa.

### 1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

- 1) Mangpaat teoritis dina ieu panalungtikan nya éta :
  - a. pikeun informasi kamampuh siswa dina nulis naskah biantara.
  - b. pikeun bahan pangdeudeul dina pangajaran nulis naskah biantara.
- 2) Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta :
  - a. pikeun dokuméntasi kamahéran basa Sunda nu dipaké dina naskah biantara.
  - b. pikeun bahan tinimbang para guru dina nyusun sumber pangajaran basa Sunda.
  - c. pikeun ngalatih siswa maké basa Sunda anu merenah.

### 1.4 Anggapan Dasar

Anggapan Dasar dina ieu panalungtikan sakumaha kaunggel ieu dihandap.

1. Biantara mangrupa bagéan tina pangajaran basa Sunda nu di ajarkeun di Kelas X SMA Laboratorium Percontohan UPI.
2. Pangajaran biantara mangrupa bagéan tina bahan pangajaran nyarita jeung nulis.
3. Pangajaran biantara kaasup kana kaparigelan basa anu produktif anu kudu dicangking ku siswa.
4. Siswa miboga tingkat kamampuh biantara basa Sunda anu luhur ditilik tina aspèk kabasaan.

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



5. Siswa nu geus diajar basa Sunda dipiharep boga kamampuh nyieun naskah biantara kalayan merenah.

### 1.5 Definisi Operasional

Aya sababaraha istilah nu kudu dijéntrékeun luyu jeung judul ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

1. Kamampuh Nulis nya éta hiji kagiatan ngébrehkeun pikiran hiji jalma ngaliwatan wangun tulisan sangkan jalma lian apal kana maksud nu hayang ditepikeun.
2. Teks biantara nya éta karangan atawa tulisan ngeunaan bahan picaritaen dihareupeun jalma réa atawa pikeun biantara.
3. Siswa kelas X nya éta jalma anu ngalakukeun kagiatan diajar disakola atawa anu jadi subjek dina kagiatan panalungtikan anu aya dikelas X.
4. SMA Laboratorium Percontohan UPI nya éta tempat anu disebut sakola pikeun lumangsungna kagiatan diajar ngajar anu pernahna aya di Jl.Sanjayaguru, Kampus UPI.

### 1.6 Sistematika Penulisan

Sistematika penulisan ieu ngawengku:

- 1) Judul Panalungtikan,
- 2) Lembar pengesahan,
- 3) Surat Pernyataan,
- 4) Pangjajap,
- 5) Tawis Nuhun,
- 6) Abstrak,
- 7) Daftar Eusi,
- 8) Daftar Singgetan,
- 9) Daftar Tabél,
- 10) Daftar Lampiran,

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

11) BAB 1 Bubuka,

- (1) Kasang Tukang,
- (2) Watesan Masalah,
- (3) Rumusan Masalah,
- (4) Tujuan,
- (5) Mangpaat,
- (6) Anggapan Dasar,
- (7) Definisi Oprasional,
- (8) Sistematika Penulisan,

12) BAB II Kamampuh Nulis Naskah Biantara,

- (1) Nulis,
  - a. Wangenan Nulis,
  - b. Fungsi Nulis,
  - c. Tujuan Nulis,
- (2) Biantara,
  - a. Wangenan Biantara,
  - b. Sipat-sipat Biantara,
  - c. Méthode Biantara,
  - d. Tatahar Biantara,
  - e. Nyusun Biantara,
- (3) Gaya Basa
  - a. Wangenan Gaya Basa
  - b. Papasingan Gaya Basa

13) BAB III Méthode Panalungtikan,

- (1) Méthode Panalungtikan,
- (2) Populasi jeung Sampel,
  - a. Populasi,
  - b. Sampel,
- (3) Prosedur Panalungtikan,
  - a. Téknik Panalungtikan,

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



- b. Téknik Ngumpulkeun Data,
- c. Instrumén Panalungtikan,
- d. Téknik Ngola Data,

14) BAB IV Data Panalungtikan jeung Déskripsi Hasil Panalungtikan,

15) BAB V Kacindekan jeung Saran,

16) Daftar Pustaka,

17) Daftar Lampiran,



Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)